



Pou Piblikasyon Imedya: 10/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ADMINISTRASYON TI BIZNIS ETAZINI POU OFRI ÈD FEDERAL POU REZIDAN YO AK BIZNIS KI AFEKTE AKÒZ MOVE TAN 10 JIYÈ 2024**

*Pwopriyetè kay, rezidan ak biznis nan Konte Lewis, Essex, Clinton, Franklin, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Oneida, Oswego, St. Lawrence, Warren ak Washington yo ka aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis Etazini an*

*Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans ak Ofisyèl Konte yo te fè evalyasyon domaj preliminè pou jwenn asistans pou zòn ki afekte yo apre evènman metewolojik la*

*Aplikasyon pou prè yo disponib [sou entènèt](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a asistans federal ki disponib pou Nouyòkè yo nan konte Lewis ak Essex, ak konte Clinton, Franklin, Hamilton, Herkimer, Jefferson, Oneida, Oswego, St. Lawrence, Warren ak Washington ki vwazen yo ki te afekte akòz move tan 10 jiyè. Pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo kounye a elijib pou aplike pou prè ak enterè ki ba Administrasyon Ti Biznis (Small Business Administration, SBA) Etazini an pou ede nan rekiperasyon anba enpak tanpèt yo ki te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis yo.

"Administrasyon mwen an te travay avèk dilijans pou bay resous nan zòn ki afekte nan move tan 10 jiyè a, epi gras a patnè federal nou yo, ti biznis yo kapab kounye aplike pou asistans pou rekonstwi ak rekipere," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Move tan te rive twò souvan nan eta nou an, men nou kenbe yon angajman fèm pou sipòte biznis ak kominote yo ki fè New York espesyal."

Pwopriyetè kay, rezidan ak biznis nan konte yo deklare yo elijib kounye a pou prè SBA yo. Prè SBA yo kapab trè itil pou pati ki elijib yo ki bezwen asistans finansyè pou yo pran wout rekiperasyon an apre dezast ki gen rapò ak move tan ak lòt ijans yo.

Gwoup ki annapre yo gen dwa kalifye pou èd prè pou katastwòf SBA:

- Mèt kay yo: jiska 500,000 dola pou repare rezidans prensipal yo.

- Mèt kay ak lokatè yo: jiska 100,000 dola pou repare oswa ranplase byen pèsònèl yo ki andomaje oswa kraze.
- Pwopriyetè biznis yo: jiska 2,000,000 dola pou ranplase pwopriyete, envantè, machin, ekipman ak lòt pèt fizik.
- Biznis ak òganizasyon san bi likratif yo: Prè pou Katastwòf avèk Dega Ekonomik jiska 2,000,000 dola pou bay fon woulman ki nesèsè jiskaske operasyon nòmal yo rekòmanse apre yon katastwòf.

**Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare,** "Gouvènè Hochul ak patnè federal nou yo te travay avèk dilijans pou sekirize aksè a prè ak enterè ba sa yo. Finansman sa a pral ede pwopriyetè kay yo, lokatè yo ak biznis yo rekipere apre pèt tanpèt sa a te lakòz yo."

**Senatè Kirstin Gillibrand te deklare,** "An jiyè, move tan te lakòz gwo domaj nan kay ak biznis atravè Sant New York ak North Country, kidonk mwen rekonesan pou m wè rezidan ki afekte yo ak biznis yo pral kounye a jwenn asistans federal yo bezwen pou yo rekipere. Rann prè pou katastwòf sa yo aksesib se yon pwochen etap enpòtan pou moun ki afekte yo ka rekonstwi ak reprann lavi yo. Mwen remèsye SBA paske li ofri asistans federal enpòtan sa a epi mwen pral kontinye goumen pou asire tout Nouyòkè gen tout resous federal ki disponib pou rebati apre gwo move tan."

Nouyòkè yo ka jwenn plis enfòmasyon, telechaje aplikasyon yo, epi aplike sou entènèt nan <https://www.sba.gov/funding-programs/disaster-assistance>. Yo ka rele Sant Sèvis Kliyan SBA a tou nan (800) 659-2955 oswa voye yon imèl bay [disastercustomerservice@sba.gov](mailto:disastercustomerservice@sba.gov). Lokal pou asistans an pèsòn ak aplikasyon yo pral anonse nan jou ki ap vini yo.

Moun ki soud, ki mal pou tande, oswa ki gen yon andikap pou pale, kapab rele 7-1-1 pou jwenn aksè nan sèvis relè telekominikasyon yo.

Delè pou ranpli epi retounen aplikasyon yo pou domaj fizik nan pwopriyete se 8 novanm 2024. Delè pou remèt aplikasyon pou domaj ekonomik yo se 9 jen 2025.

### **Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans**

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans lan ofri direksyon, kowòdinasyon ak soutyen nan efò y ap fè pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, epi rekipere apre atak teworis, katastwòf natirèl, menas, ensandi ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, vizite NYSDHSES sou Facebook, X, Instagram, ak LinkedIn, epi vizite [dhses.ny.gov](https://dhses.ny.gov).

###

ANILE ENSKRIPSYON OU